

Ki jan pou ou fè yon Apèl avèk Plan Swen Jere (Managed Care) Medicaid ou a

Ou gen dwa pou ou fè yon apèl si Plan Swen Jere Medicaid ou a refize, redui, oswa sispann sèvis swen sante ou yo. Ak kèk eksepsyon ki dekri pi ba a, ou dwe fè apèl entèn yo dirèkteman nan plan sante ou a. Ou ka mande yon Odisyon Medicaid ki Onèt (Medicaid Fair Hearing) nan men Ajans pou Administrasyon Swen Sante (Agency for Health Care Administration - AHCA) si desizyon apèl entèn nan plan an pa an favè ou.

Ou gen dwa pou ou fè yon apèl.

Ki jan pou m fè yon apèl?

Si Plan Swen Jere Medicaid ou a refize, redui, oswa sispann sèvis swen sante ou yo, plan an dwe ba ou yon **Avi sou Detèminasyon Benefis Negatif (Notice of Adverse Benefit Determination - NABD)**. W ap resevwa yon NABD si:

- Plan an refize yon sèvis ou te mande.
- Plan an redui, sispann, oswa entèwonp sèvis ki te otorize anvan sa.
- Plan an pa bay sèvis yo nan yon tan rezonab.
- Plan an refize demann ou fè pou konteste kopeman (copayments).

Yon fwa ou resevwa yon NABD, ou gen **60 jou** apati dat ki sou avi a pou ou fè yon apèl pa bouch oswa pa ekri.

- Plan an obligatwa pou li ede w fè apèl la.
- Nou rekòmande pou ou toujou voye yon konfimasyon pa ekri si ou fè apèl la nan telefòn.
- Plan an dwe konfime li resevwa yon apèl pa ekri nan yon limit 5 jou. Si ou te fè apèl la pa bouch, plan an ka voye yon konfimasyon pa ekri nan 10 jou.

Sèvis yo dwe kontinye pandan w ap tann rezilta apèl la (sa yo rele "**Aid Paid Pending**") si tout kondisyon sa yo respekte:

- Yo te refize, redui, oswa sispann sèvis ki te otorize anvan sa.
- Peryòd otorizasyon an poko fini.
- Ou fè apèl la nan yon limit 10 jou apre plan an fin voye NABD la.

Si delè nòmal pou yon apèl ta ka mete lavi moun nan, sante fizik li, oswa sante mantal li an danje, ou ka fè yon **Apèl Akselere (Expedited Appeal)**

- Si plan an aksepte demann apèl aksepte ou a, yo dwe rezoud li nan **48 èdtan**.
- Si plan an refize demann pou akselere apèl la, yo dwe ba ou yon avi an ekri nan **48 èdtan** epi transfere apèl la nan yon delè pwosesis nòmal.

Kisa k ap pase apre m fin fè apèl mwen an?

Plan an dwe rive jwenn yon solisyon nan 30 jou kalandriye apre demann apèl ou a. Ou ka dakò pou w bay plan an yon ekstansyon si yo bezwen plis enfòmasyon epi si sa nan enterè moun ki enskri a.

Plan an ap bay rezilta apèl la nan yon Avi sou **Rezolisyon Apèl Plan an (Notice of Plan Appeal Resolution - NPAR)**. NPAR la genyen rezilta apèl la, dwa pou mande yon odisyon onèt, enstriksyon sou jan pou mande odisyon an, ak dwa pou kontinye resevwa benefis yo.

Ou gen dwa pou ou mande yon odisyon onèt

Ki jan pou m mande yon odisyon?

Si NPAR la pa an favè ou, ou ka mande yon **Odisyon Onèt** nan Inite Odisyon Medicaid nan Ajans pou Administrasyon Swen Sante (AHCA).

- An jeneral, ou dwe fè apèl nan plan an epi resevwa yon NPAR anvan ou ka mande yon odisyon onèt nan eta a.

Ou dwe mande Odisyon Onèt la nan yon limit 120 jou apre ou fin resevwa NPAR la.

- Pou w ka kontinye resevwa benefis yo, ou dwe mande odisyon an nan yon limit 10 jou apati dat ki sou NPAR la.

Ou ka mande yon Odisyon Onèt pa bouch oswa pa ekri lè ou kontakte Biwo Odisyon Onèt AHCA nan mwayen sa yo:

- **Telefòn:** 877-254-1055
- **Imèl:** MedicaidHearingUnit@AHCA.myflorida.com
- **Faks:** 239-338-2642

Demann lan dwe genyen non ou, non moun odisyon an ap fèt pou li a, nimewo ID Medicaid li, nimewo telefòn li, adrès li, imèl li (si l genyen), ak detay sou sèvis yo te refize, redui, oswa sispann yo.

Eksepsyon pou apèl nan yon plan: Ou ka mande yon odisyon nan eta a imedyatman si youn nan sitiyasyon sa yo rive:

- Plan an pa respekte delè rezolisyon ki dekri anwo a.
- Plan an pa bay yon NABD oswa yon NPAR nan delè ki fikse yo.
- Plan an pa bay sèvis moun nan mande a nan yon tan rezonab (apeprè 90 jou) epi apre sa li pa bay yon NABD.

Kisa k ap pase apre m mande yon odisyon?

- W ap resevwa yon akizè resepsyon pou demann odisyon an nan men Biwo Odisyon Onèt AHCA.
- Apre sa, w ap resevwa yon Avi Odisyon (Notice of Hearing - NOH) ki gen dat, lè, ak fason pou ou patisipe nan odisyon an.
 - Sòf si ou chwazi opsyon videyo oswa an pèsòn nan, odisyon an ap fèt nan telefòn.
- Ou ka mande yon lòt moun mande oswa patisipe nan Odisyon Onèt la pou ou.
 - Pou fè sa, ou dwe voye yon fòm Reprezantan Otorize deziye (Designated Authorized Representative) ou siyen bay AHCA.
- Plan an dwe soumèt tout dosye a bay biwo odisyon an epi ba ou li tou, gratis, nan yon limit 10 jou apre NOH la.
 - Dosye a dwe genyen tout dosye medikal ak nenpòt lòt dokiman plan an te itilize pou desizyon apèl la.
- Ou dwe bay Ofisyè Odisyon an prèv ou yo omwen 10 jou anvan odisyon an.
 - Prèv sa yo ka gen ladan yo yon lèt nesosite medikal nan men doktè ou oswa lòt dokiman medikal.

Sa pou m fè si m pa ka ale nan odisyon an oswa si m poko jwenn yon avoka?

- Ofisyè Odisyon an ka bay yon ranvwa (continuance) pou yon odisyon onèt pou yon "rezon valab" (good cause) oswa si tou de pati yo dakò.
 - Yon rezon valab ka enkli enkapasite w pou ale nan odisyon an san se pa fèt ou, bezwen youn nan pati yo pou plis tan pou jwenn enfòmasyon, oswa bezwen plis tan pou jwenn yon reprezantan.
- Eksepte nan ka ijans, ou dwe mande ranvwa a omwen senk jou anvan dat odisyon an.
- Ou dwe pale ak lòt pati a epi presize nan demann ranvwa an ekri a si yo te gen objeksyon.

Kisa k ap pase pandan odisyon an?

- Yon Ofisyè Odisyon ap dirije odisyon an, ki ouvè sèlman pou ou menm, reprezantan plan an, ak nenpòt temwen chak pati prezante.
- Odisyon an fèt "de novo", sa vle di Ofisyè Odisyon an ap egzamine dosye a depi nan konmansman epi li ka konsidere nenpòt nouvo prèv ki te prezante anvan odisyon an.
- Ofisyè odisyon an ap fè temwen yo fè sèman epi l ap pran temwayaj yo anba sèman.

Kisa k ap pase apre odisyon an?

- Sòf si gen yon ekstansyon, ofisyè odisyon an ap bay desizyon final la (Final Order) nan yon limit 90 jou apre demann Odisyon Onèt la.

- Si desizyon an pa an favè ou, ou gen dwa fè yon lòt apèl nan Tribinal Apèl Distri a (District Court of Appeal) nan yon limit 30 jou apre dat ki sou Lòd Final la.

Si ou bezwen asistans legal paske yo te refize ba ou sèvis, ou ka kontakte Florida Health Justice Project nan sit entènèt nou an:

https://fhjpoi.legalserver.org/modules/matter/extern_intake.php?pid=129&h=daa817&state_uid=25fc7a0c-7140-11ef-aed2-02b65df99cf5&f=362&d_id=1